



Pou Piblikasyon Imedya: 16/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON SOU SEKIRITE ZAM KI RANFÒSE ENTÈDIKSYON SOU ZAM IMITASYON KI GEN APARANS REYALIS YO UTILIZE POU KOMÈT KRIM

Lejislasyon S.687/A.3998 entèdi zam imitasyon amwenske yo gen koulè vif oswa fèt totalman ak materyèl translisid

Gouvènè Kathy Hochul te siyen jodi a lejislasyon S.687/A.3998 pou ranfòse restriksyon sou zam imitasyon yo, ke moun ka itilize pou komèt krim. Nouvo lwa a rann zam imitasyon yo fasilman idantifyab, sa ki anpeche yo itilize yo pou komèt krim epi pèmèt lapolis idantifye yon aparèy kòm fo lè y ap evalye menas yo.

"Priyorite prensipal mwen kòm Gouvènè se kenbe Nouyòk yo an sekirite, epi sa vle di konbat aparèy yo itilize pou komèt krim", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan mete restriksyon sou aparèy sa yo ki sanble reyalis, sa pral asire aparèy ki twonpe ak potansyèlman danjere yo pa nan lari nou yo, pou kenbe timoun yo, lapolis ak tout Nouyòk yo an sekirite".

Nouvo lwa sa a ranfòse restriksyon ki egziste deja sou imitasyon zam lè li klarifye ke zam imitasyon akseptab yo dwe fasilman idantifyab: yo pa kapab nwa, ble, ajan oswa aliminyòm, epi yo dwe gen koulè blan, wouj klere, oranj klere, jòn klere, vèt klere, ble klere, woz klere, wouj violèt, oswa yo dwe fèt totalman avèk materyèl transparan oswa translisid. Pandan gen kèk minisipalite, tankou Vil New York, ki entèdi kèk zam imitasyon, nouvo lwa sa a pral kreye yon inifòmite nan tout eta a. Eksepsyon limite ki fonde sou bon sans pou itilizasyon espesyal, tankou zam imitasyon yo itilize nan pwodiksyon fim yo, otorize.

Dapre done Biwo Pwokirè Jeneral la pibliye, te gen omwen 63 fiziyad nan Eta New York akòz moun ki te konfonn zam imitasyon yo pou zam reyèl, uit ladan yo te mennen nan lanmò, epi plizyè santèn krim te komèt nan vil Nouyòk avèk zam imitasyon.

Mwa sa a, Gouvènè Hochul [te anonse yon ogmantasyon 93 pousan nan itilizasyon Lwa sou Dwapo Wouj la ke lapolis fè](#) nan kad efò kontinyèl pou konbat ogmantasyon vyolans ak zam nan eta a. Nan mwa jen, Gouvènè Hochul te konvoke yon sesyon ekstraòdinè an repons ak desizyon Tribinal Siprèm lan nan *NYSRPA v. Bruen* lan epi [te siyen lejislasyon pou ranfòse lwa sou zam yo](#). Gouvènè Hochul te fòme [Gwoup Travay](#)

[Ant Plizyè Eta sou Zam Ilegal yo](#) (Interstate Task Force on Illegal Guns), ki te gen siksè nan konbat transpò zam ilegal atravè fwontyè eta a yo.

Senatè Eta a, Brad Hoylman te deklare, "Zam imitasyon ki pa fèt kòm sadwa reprezante yon risk ki pa nesèsè ak pa jistifyab pou lavi timoun nou yo. Depi 1994, te gen omwen 63 fiziyad nan Eta New York akòz moun te konfonn zam imitasyon yo pou zam reyèl, omwen 8 ladan yo te mennen nan lanmò. Apati kounye a, zam jwèt yo nan New York p ap konfonn ankò pou zam reyèl. Mwen kontan dèske Gouvènè Hochul te siyen pwojè lwa nou an avèk Manm Asanble Abinanti pou klarifye definisyon yon zam imitasyon, ki egzije pou zam jwèt yo gen koulè klere oswa konstwi totalman avèk materyèl transparan oswa translisid, epi yo pral pwoteje lavi timoun nou yo ak ofisye lapolis yo".

Manm Asanble Tom Abinanti te deklare, "Twòp moun te mouri oswa blese epi twòp krim te komèt paske yon zam jwèt te sanble reyèl. Mwen bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt fason nouvo lwa sa a pral rann kominote nou yo vin pi an sekirite nan etabli estanda inifòm nan tout eta a pou asire ke jwèt oswa zam imitasyon se yon imitasyon oswa yon jwèt. Zam reyèl ke yo mal itilize se yon gwo pwoblèm - nou pa bezwen pwoblèm nan agrave avèk zam jwèt ki sanble reyèl".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)